

Mesaj Sipètentandan Michael J. Burke



Chè Elèv, Paran, ak Responsab:

Byenveni pou ane akademik 2022-2023! Kòm Sipètentandan w, mwen kontan pou m anbake nan yon lòt ane lekòl ki gen siksè ki ranpli avèk pwogrè ak ekselans.

Tèm retou lekòl nou an se “Edike, Afime, ak Enspire”, mo enpòtan, puisan ki reprezante misyon nou. Atravè tout Distri Lekòl nou an ki klase “A”, pwofesyonèl konpetan nou yo egzèse fonksyon yo pou akonpli misyon sa a. Y ap bay yon edikasyon klas mondal, y ap sipòte ak ankouraje elèv yo, epi y ap motive jèn nou yo pou gen siksè.

Pou kenbe deklarasyon misyon nou an epi prezève valè sa n ap fè a, li enpòtan anpil pou Distri nou an bay konsèy detaye epi klè sou pwosesis ki nesesè pou fonksyonman efikas. Se poutèt sa nou te kreye Manyèl sa a, yon zouti referans konplè ak yon resous ki valab.

Ou kapab jwenn Manyèl pou Fanmi ak Elèv Distri a nan paj SIS ptit ou a. Manyèl la genyen ladan Kòd Disiplinè Elèv la “*the Student Code of Conduct*”, Nòt pou Dwa Edikasyon Fanmi ak Lwa sou Vi Prive “*Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA)*”, Iwa sou Amandman Dwa sou Pwoteksyon Dwa Timoun “*Rights under the Protection of Pupil Rights Amendment (PPRA)*”, ak fòm ki gen pou tit Kwasans Imèn ak Egzanpsyón Etid Developman “*Human Growth and Development Study Exemption*”, Konsantman Paran/Elèv sou Règ Elèv ak Règleman Operasyon yo, “*Divilgasyon ak Konsantman pou Biblikasyon Enfòmasyon sou Elèv*” “*Release and Consent for Student Information Publication*”, ak *Patisipasyon Elèv nan Sondaj ki Otorize* “*Student Participation in Authorized Surveys*”. Si ou pa kapab jwenn aksè nan paj SIS ptit ou a, tanpri, avize lekòl ptit ou a rapidman; konsa, y ap ba w yon kopi (papye) dokiman sa yo.

Ou pral jwenn anpil enfòmasyon itil nan paj sa yo, epi mwen ankouraje w pou ou pote anpil atansyon a dokiman sa a epi chèche vin abitye ak sa ki ladan. Kòm yon distri, travay nou se pou edike nan yon anviwonnanman ki san danje kote w kapab reyisi, epi sa vle di nou pwomote pwosedi ki byen eksplike, osibyenke direktif ak paramèt ki byen tabli.

Pou elèv ak paran/responsab, mwen vle souliye enpòtans pou vin abitye ak Règleman Zewo Tolerans Distri a. Tout moun benefisyé lè nou tout okouran epi nou nan menm paj konsènan gid enpòtan ak enstriksyon, fè sèten chak ane lekòl se yon siksè.

Akonplisman elèv nou yo ak dedikasyon estaf nou yo toujou enspire m. Kòm yon kominate, nou pataje yon objektif nan ekselans ki komen nan edikasyon, epi mwen apresye sipò ou bay Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la. Nou tout se gayan lè nou travay ansanm kòm yon fòs inifye nan bi pou edike, afime, ak enspire ptit nou yo.

Sensèman,

Michael J. Burke

Michael J. Burke, Sipètentandan

KALANDRIYE POU ANE 2022-23

Komite Dirijan Distri a te apwouve Kalandriye pou Ane 2022-2023 a epi moun kapab jwenn li sou entènèt nan

[School District of Palm Beach County Calendars](#)

DAT ENPÒTAN YO

10 out 2022 <i>Premye jou Lekòl</i>	14 oktòb 2022 <i>Jou travay pou Pwofesè Devlopman Pwofesyonèl (konje pou elèv)</i>	8 novanm 2022 <i>Jou travay pou Pwofesè Jou Devlopman Pwofesyonèl (konje pou elèv)</i>
3 janvye 2023 <i>Jou travay pou pwofesè Jou Devlopman Pwofesyonèl (konje pou elèv)</i>	20 fevriye 2023 <i>Jou travay pou pwofesè Jou Devlopman Pwofesyonèl (konje pou elèv)</i>	17 mas 2023 <i>Jou travay pou pwofesè Jou Devlopman Pwofesyonèl (konje pou elèv)</i>
26 me 2023 <i>Dènye jou klas pou elèv yo</i>	JOU KONJE YO	

JOU KONJE YO

23 out 2022 <i>Eleksyon Primè</i>	5 septanm 2022 <i>Jou Travay</i>	26 septanm 2022 <i>Vakans Otòn</i>
5 oktòb 2022 <i>Vakans Otòn</i>	21-25 novanm 2022 <i>Fèt "Thanksgiving"</i>	22 desanm 2022 – 2 janvye 2023 <i>Vakans Ivè</i>
16 janvye 2023 <i>Nesans M.L. King's</i>	20-24 mas 2023 <i>Jou Konje Prentan</i>	7 avril 2023 <i>Vakans Prentan</i>

JOU RATRAPAJ NAN KA IJANS (EMD ann anglè)

Se Sipètentandan an k ap pran desizyon sou Jou Ratrapaj yo ann akò avèk lwa eta a konsènan kantite tan elèv dwe resevwa ansèyman